**दिन– सोमवार** **दिनांक–02.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

---

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान जनौलनि अछि जे विकसित कृषि संकल्प अभियान–खेती, किसानी आओर किसान सभक जिनगी बदलबाक प्रयास अछि। श्री चौहान पूर्वी चंपारणक पिपराकोठी मे विकसित कृषि संकल्प अभियान मे किसान सभक संग संवाद कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे विकसित भारत बनेबाक प्रधानमंत्री मोदीक संकल्प कृषि क्षेत्र मे सुधार सँ संभव अछि। ओ जनौलनि जे खेती आओर समृद्ध किसानक लक्ष्य के लऽ कऽ ई अभियान सँ पूरा देश मे वैज्ञानिक सभ किसान लोकनिक संग संवाद कऽ रहल छथि। श्री चौहान जनौलनि जे किसान सभ सँ भेटल सुझावक आधार पर भविष्यक रणनीति तय कयल जायत। कृषि मंत्री जनौलनि जे नकली कीटनाशक बनाबयबला सभक खिलाफ सरकार नव कानून लऽकऽ आओत।

---

केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय जनौलनि अछि जे प्रधानमंत्रीक रूप मे नरेन्द्र मोदी अपन कार्यकालक एगारह बरख मे कतेको अद्‌भूत निर्णय कयलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री राय जनौलनि जे एहि बीच समाजक सभ वर्ग लेल बेस काज भेल अछि। ओ जनौलनि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि विकसित राष्ट्र बनेबाक प्रधानमंत्रीक संकल्पक संग पूरा देश एक भऽ कऽ आगू बढ़ि रहल अछि।

---

राष्ट्रीय महिला आयोग मुजफ्फरपुर मे एक नबालिग दुष्कर्म पीड़िताक मृत्युक मामिला मे बिहार सरकार के नोटिस जारी कयलक अछि। ई घटनाक स्वतः संज्ञान लैत आयोग राज्यक मुख्य सचिव आओर पुलिस महानिदेशक सँ मामिलाक निष्पक्ष जांच करेबाक लेल जनौलक अछि। आयोगक अध्यक्ष विजया रहाटकर तीन दिन मे कार्रवाईक रिपोर्ट मांगलक अछि। ओ ई घटना मे दोषी सभक खिलाफ कड़गर कार्रवाई करबाक लेल सेहो जनौलनि अछि। आरोप अछि जे नबालिग के पटना मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे चारि घंटा सँ बेसी

काल धरि एम्बुलेंस मे बिना चिकित्सा सुविधाक ठहरय पड़ल छल आओर बाद मे हुनक मृत्यु भऽ गेल छल।

————————————————————————

एम्हर, जदयूक वरिष्ठ नेता के.सी. त्यागी जनौलनि अछि जे मुजफ्फरपुर मे दुष्कर्म पीड़िता के न्याय दियेबाक लेल सरकार प्रतिबद्ध अछि। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे बिहार सरकार समाजिक न्याय आओर अपराधी सभ पर कड़गर कार्रवाई करबाक लेल जानल जायत अछि।

————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीएक सभ पार्टी एकजुट भऽ कऽ सीटक बटवारा करत। आई मुंगेर मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी जनौलनि जे विधानसभा चुनाव मे राजद के करारी हार भेटत।

————————————————————————

केन्द्रीय मंत्री आओर लोक जनशक्ति पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान जनौलनि अछि जे ओ बिहारक राजनीति मे आबय चाहैत छथि। आइ छत्तीसगढ़क रायपुर मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे श्री पासवान जनौलनि जे जौं हुनक विधानसभा चुनाव लड़य सँ पार्टी के फायदा होयत तऽ ओ चुनाव लड़ताह। श्री पासवान जनौलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एनडीए विधानसभा चुनाव लड़त आओर ओ विधानसभा चुनावक बाद मुख्यमंत्री होयताह।

————————————————————————

राष्ट्रीय जनता दल एगारह जून सँ राज्यव्यापी जनसंपर्क आओर संवाद कार्यक्रम शुरू करत। युवा राजदक प्रदेशक अध्यक्ष राजेश यादव जनौलनि जे ई अभियान सँ लोक सभ के तेजस्वी प्रसाद यादव के उप मुख्यमंत्री रहैत कयल गेल काज आओर भविष्यक योजनाक जनतब देल जायत।

————————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आओर लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी छओ जून कऽ राजगीर मे संविधान सुरक्षा सम्मेलन के संबोधित करताह। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष राजेश कुमार

जनौलनि जे श्री गांधी छओ जून कऽ गयाक गहलौर मे दशरथ मांझीक स्मारक पर श्रद्धांजलि सेहो अर्पित करताह।

———————————————————————————

आतंकवादक खिलाफ भारतक कुटनीतिक प्रयास मे जदयू सांसद संजय कुमार झाक अगुआई मे एक प्रतिनिधि मंडल मलेशियाक दौरा पर छथि। ई प्रतिनिधि मंडल मेलेशियाक राजधानी क्वालालम्पुर मे सत्तारूढ़ दलक संसद सदस्य आओर आनो–आन नेता सभक संग उच्चस्तरीय बैसक कलयनि। बैसारक बाद श्री झा जनौलनि जे आतंकवादक खिलाफ मलेशियाक पूरा समर्थन भारत के भेटल अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक किछु क्षेत्र मे पछिला चौबीस घंटाक बीच हल्लुक सँ मध्यम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार मधुबनी जिलाक अंधराठाढ़ी मे सभ सँ बेसी साठि दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। ओतहि, अररियाक नरपतगंज मे साठि मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तरी आऔर पूर्वी क्षेत्र मे तेज हवाक संग बरखा भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिनक बीच तापमान दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि बढ़ि सकैत अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक बीच पटना राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। एतय अधिकतम तापमान चालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस रहल।

———————————————————————————

समाप्त